Betti PDF ta'rizde ju'klep ali'w (72 Kb) Versiyasi' Betti doc ta'rizde ju'klep ali'w (72 KB)

# MÁLIMLEME TEXNOLOGIYaLARÍ HÁM KOMMUNIKACIYaLARÍ TARAWÍN BUNNAN BÍLAY DA JETILISTIRIW ILAJLARÍ HAQQÍNDA

Elimizde zamanagóy málimleme texnologiyaların hám kommunikaciyaların rawajlandırıw, elektron mámleketlik xızmetler kórsetiwdiń bir pútin sistemasın jaratıw, mámleketlik uyımlardıń xalıq penen pikirlesiwiniń jańa mexanizmlerin engiziw boyınsha izbe-iz jumıs alıp barılmaqta.

Sonıń menen birge, málimleme texnologiyaların hám kommunikaciyaların basqarıw hám engiziw tarawındaǵı bir qatar sistemalı mashqalalar hám kemshilikler bul tarawdıń jedel rawajlanıwına, sapalı málimleme xızmetlerin kórsetiwge tosqınlıq etpekte. Atap aytqanda:

birinshiden, telekommunikaciya infrastrukturası jetkilikli rawajlanbaǵan, elimizdiń alıs elatlı punktleri telekommunikaciya tarmaqları menen támiyinlenbey qalmaqta, mobil baylanıs hám Internet tarmaǵınıń sapası xalıqtıń talapların qanaatlandırmay atır;

ekinshiden, mámleketlik basqarıw sistemasına málimleme texnologiyaların hám kommunikaciyaların engiziwde birden-bir texnologiyalıq kózqarastıń nátiyjeli ámelge asırılmaǵanı sebepli vedomstvolıq málimleme sistemaları hám resursları bólek-bólek engizilmekte, sonıń aqıbetinde olardı birden-bir málimleme mákanına integraciyalaw procesi qıyınlaspaqta;

úshinshiden, elektron kommerciyada integraciyalasqan sawda hám marketing platformaların, internet-dúkanlardı, tólem sistemaların, sonday-aq, logistika sistemaların engiziwge jetkilikli itibar qaratılmay atır, bul ekonomika hám isbilermenliktiń rawajlanıwınıń, shet el investiciyalarınıń tartılıwı toqtap qalıwınıń sebeplerinen biri bolmaqta;

tórtinshiden, mámleketlik málimleme sistemalarında hám resurslarında málimleme qáwipsizligin hám málimlemeni qorǵawdı támiyinlew jumıslarınıń tómen dárejede shólkemlestirilgeni málimlemeden ruqsatsız paydalana alıw, maǵlıwmatlar bazalarınıń pútinligin hám sırın buzıw imkaniyatın arttırmaqta;

besinshiden, kóplegen mámleketlik uyımlar menen shólkemlerdiń basshıları tárepinen xalıqqa kórsetiletuǵın xızmetlerdiń sapasın hám jedelligin arttırıw, byurokratlıq tártip-qaǵıydalarǵa shek qoyıw, qaǵaz hújjet aylanısın azaytıwǵa qaratılǵan málimlemelestiriw jáne zamanagóy málimleme texnologiyaların hám kommunikaciyaların engiziw joybarların ámelge asırıw máselelerine jetkilikli itibar berilmey atır;

altınshıdan, pochta baylanıs xızmetleri hám logistika sistemasın modernizaciyalaw, pochta baylanısı milliy operatorı jumısınıń sapa jaǵınan jańa usılların engiziwge hám bazarda onıń jumısınıń abıroyın arttırıwǵa baylanıslı tásirsheń ilajlar kórilmey atır;

jetinshiden, málimleme texnologiyaları hám kommunikaciyaları tarawında kadrlardı tayarlaw, qayta tayarlaw hám mamanlıǵın arttırıwdıń ámeldegi sisteması 85-texnologiyalar rawajlanıwınıń jedel pátlerin esapqa almay atır, sonday-aq, bilim beriwdiń aldıńǵı usılların engiziw ushın shet ellerdiń jetekshi bilimlendiriw mákemeleri menen nátiyjeli sóylesiwdi shólkemlestiriw imkaniyatın bermey atır;

segizinshiden, elektron húkimet, elektron kommerciya, elektron mámleketlik xızmetlerdi kórsetiw sisteması, olardıń ashıq-aydınlıǵı, sonday-aq, telekommunikaciya infrastrukturasınıń rawajlanıwında biraz ilgerilep ketken ellerdiń tájiriybesin tereń úyreniw hám engiziw boyınsha sistemalı jumıslar alıp barılmay atır.

Málimleme texnologiyaları hám kommunikaciyaları tarawında basqarıw sistemasın bunnan bılay da jetilistiriw, elektron mámleketlik xızmetler hám telekommunikaciya xızmetleri spektrin keńeytiw, telekommunikaciya infrastrukturasın rawajlandırıw maqsetinde, sonday-aq, Ózbekstan Respublikası Hákimshilik reformalar koncepciyasına muwapıq:

Ózbekstan Respublikası Málimleme texnologiyaların hám kommunikaciyaların rawajlandırıw ministrligi (keyingi orınlarda Ministrlik dep júrgiziledi) hám Ózbekstan Baspasóz hám xabar agentliginiń:
Respublikalıq málimleme-kitapxana orayın, Qaraqalpaqstan Respublikası, wálayatlar hám Tashkent qalası málimleme-kitapxana orayların Ózbekstan Baspasóz hám xabar agentliginiń Áliysher Nawayı atındaǵı Ózbekstan Milliy kitapxanası qaramaǵına ótkeriw;

«Ǵalaba kommunikaciyalar tarawındaǵı monitoring orayı» mámleketlik mákemesin Ózbekstan Baspasóz hám xabar agentligi strukturasına beriw;

«Matbuot tarqatuvchi» AKnı belgilengen tártipte «Ózbekstan pochtası» AJǵa qosıw máselesin «Matbuot tarqatuvchi» AK hám «Ózbekstan pochtası» AJ akcionerleriniń ulıwma májilislerinde qoyıw haqqındaǵı usınısları maqullansın.

Ministrlik eki hápte múddette ótkerilip atırǵan shólkemlerdiń shtat birlikleri hám imaratları, sonday-aq, olarǵa tiyisli bolǵan tovar-materiallıq baylıqlar, sonıń ishinde aqsha qarjılarınıń Ózbekstan Baspasóz hám xabar agentligine beriliwin támiyinlesin.

Tómendegiler ministrliktiń tiykarǵı wazıypaları hám jumısınıń áhmiyetli baǵdarları etip belgilensin:
málimleme texnologiyaların hám kommunikaciyaların rawajlandırıw hám paydalanıw tarawında birden-bir mámleketlik siyasattı islep shıǵıw hám ámelge asırıw jáne qatnasıqlardı tártipke salıw, elektron húkimetti engiziw, málimleme jámiyietin hám sanlı ekonomikanı qáliplestiriw jumısın muwapıqlastırıw;

«sońǵı milya» principi boyınsha Internet tarmaǵınan keń polosalı paydalanıwdı keńeytiw, multiservisli baylanıs tarmaqları texnologiyaları, mobil baylanıs bazarı, basqa da zamanagóy telekommunikaciya xızmetleri, sonday-aq, logistika hám pochta baylanısı xızmetleri arqalı telekommunikaciya infrastrukturasın rawajlandırıw hám modernizaciyalaw;

mámleketlik uyımlardıń málimleme sistemaların hám resursların islep shıǵıw jáne engiziw, vedomstvolararalıq óz-ara elektron birge islesiwdi shólkemlestiriw, birden-bir elektron reestrler hám maǵlıwmatlar bazaların, «bir ayna» principi boyınsha elektron mámleketlik xızmetler kórsetiw sistemaların qáliplestiriwge birden-bir texnologiyalıq kózqaras ámelge asırılıwın támiyinlew;

mámleketlik basqarıw hám ekonomikanıń real sektorında innovaciyalardı engiziwge kómeklesiw, sanlı ekonomikalıq ósimdi xoshametlew, sonıń ishinde, óndiriste kompleksli avtomatlastırılǵan basqarıw sistemaların engiziw, elektron kommerciyanıń rawajlanıwı ushın qolay sharayatlardı jaratıw;

qala hám aymaqlıq infrastrukturanı, sonıń ishinde, keleshekte integraciyalasqan «aqıllı» hám «qáwipsiz» qala birden-bir kompleksine birlestirilgen halda turaq jay kommunallıq xızmet kórsetiw, transport logistikasın, qıstawlı xızmetlerdi basqarıwdıń zamanagóy intellektuallıq sistemaların engiziw hám rawajlandırıw;

texnoparklerdiń hám kovorking-oraylardıń jumısın shólkemlestiriw, sonıń ishinde, mámleketlik-jeke menshik sheriklik tiykarında zamanagóy básekige shıdamlı hám eksport ushın mólsherlengen baǵdarlamalıq ónimler menen xızmetlerdiń jergilikli óndirisin rawajlandırıwdı xoshametlew, sharayatlar jaratıw hám investiciyalardı tartıw;

jetekshi shet el kompaniyaları hám bilimlendiriw mákemeleriniń eń jaqsı ámeliyatı tiykarında málimleme texnologiyaları hám kommunikaciyaları tarawında strategiyalıq hám joybarlaw basqarması, menedjment, marketing boyınsha ilimiy-izertlewlerdi hám qollanbalardı, kadrlar tayarlaw, qayta tayarlaw jáne mamanlıǵın arttırıwdı shólkemlestiriw;

kiber qáwipsizlikti támiyinlew hám tarmaqlar, baǵdarlamalıq ónimler, málimleme sistemaları hám resursların engiziwdi támiyinlew boyınsha kompleksli ilajlardı ámelge asırıw, jeke hám biometrikalıq maǵlıwmatlardı jıynaw, qayta islew hám saqlaw boyınsha texnologiyalardıń qollanılıwın tártipke salıwda qatnasıw;

usınılıp atırǵan telekommunikaciya hám pochta baylanısı xızmetleriniń joqarı sapasın támiyinlew maqsetinde málimleme texnologiyaları hám kommunikaciyaları tarawında nızam hújjetlerine ámel etiliwiniń mámleketlik qadaǵalawın ámelge asırıw;

málimleme texnologiyaların hám kommunikaciyaların qollanıw hám rawajlandırıw máseleleri boyınsha, sonıń ishinde, texnikalıq standartlar, reglamentler engiziliwin shólkemlestiriw, sonday-aq, Ministrliktiń jumıs tarawına kiretuǵın basqa da baǵdarlar boyınsha xalıqaralıq shólkemler, shet el kompaniyaları, ilimiy-izertlew mákemeleri menen birge islesiwdi rawajlandırıw.

Mámleketlik uyımlar hám basqa da byudjet shólkemleriniń byudjetten tısqarı qorları qarjılarınan paydalanıwdıń jańa málimleme sistemaların, baǵdarlamalıq ónimlerdi, maǵlıwmatlar bazaların islep shıǵıwǵa, birinshi gezekte, xalıqqa kórsetiletuǵın xızmetlerdiń sapasın hám jedelligin arttırıwǵa, byurokratlıq tártip-qaǵıydalarǵa shek qoyıwǵa, qaǵaz hújjet aylanısın azaytıwǵa qaratılǵan elektron mámleketlik xızmetlerdi engiziwge úlken áhmiyet qaratatuǵını;
mámleketlik uyımlar hám basqa da shólkemlerdiń málimleme texnologiyaların hám kommunikaciyaların rawajlandırıw ushın juwapker bolǵan basshıları hám bólimleriniń xızmetkerleri úsh jılda bir márte sáykes túrde Ministrlik hám onıń aymaqlıq basqarmalarında attestaciyadan ótetuǵını;

málimleme texnologiyaların hám kommunikaciyaların rawajlandırıw ushın juwapker bolǵan atqarıwshı hákimiyat respublikalıq uyımları bólimleriniń basshıları Ministrlik penen kelise otırıp lawazımǵa tayınlanatuǵını;

málimleme texnologiyaların hám kommunikaciyaların rawajlandırıw ushın juwapker bolǵan atqarıwshı hákimiyattıń aymaqlıq uyımları bólimleriniń basshıları Ministrliktiń tiyisli aymaqlıq basqarması menen kelise otırıp, lawazımǵa tayınlanatuǵını belgilep qoyılsın.

Baylanıs, málimlemelestiriw hám telekommunikaciya texnologiyaları tarawında qadaǵalaw boyınsha mámleketlik inspekciyası Ministrlik janındaǵı Baylanıs, málimlemelestiriw hám telekommunikaciya texnologiyaları tarawında qadaǵalaw boyınsha inspekciya (keyingi orınlarda – Inspekciya) etip qayta shólkemlestirilsin.
Inspekciya málimleme texnologiyaları hám kommunikaciyaları tarawında nızamshılıq, fonogrammalar, audiovizual dóretpeler, elektron esaplaw mashinaları ushın baǵdarlamalardı tarqatıwda avtorlıq huqıqlarına ámel etiliwi ústinen qadaǵalawdı ámelge asıratuǵın arnawlı wákillikli mámleketlik uyım esaplanatuǵını belgilensin.

2018-jıl 1-aprelden Inspekciyaǵa nızamshılıq hám basqa da normativlik hújjetler, mámleketlik standartlar talapları jáne baylanıs, málimlemelestiriw hám telekommunikaciyalar tarawında usınılıp atırǵan xızmetler sapasınıń buzılıw jaǵdayları haqqındaǵı maǵlıwmatlardı anıqlaw, alıw huqıqı berilsin.

Ministrlik, Ózbekstan Respublikası Oraylıq banki, Qarjı ministrligi, Ekonomika ministrligi eki ay múddette «Ózbekstan pochtası» AJ pochta baylanıs milliy operatorına agent sıpatında bank hám qamsızlandırıw xızmetlerin kórsetiw, sonıń ishinde, tólemlerdi qabıl etiw hám ótkeriw, bank kartalarına xızmet kórsetiw, xalıqtıń bos aqsha qarjıların tartıw, óz qálewi menen hám májbúriy qamsızlandırıw xızmetleri hám autsorsing shártlerinde basqa da xızmetlerdi kórsetiw huqıqların beriw máselesin úyrensin jáne usı bánttti ámelge asırıw boyınsha usınıslardı Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetine kirgizsin.
Ministrlik Investiciyalar boyınsha mámleketlik komiteti menen birgelikte úsh ay múddette tómendegiler boyınsha usınıslardı Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetine kirgizsin:
«Ózbekstan pochtası» AJnı, sonıń ishinde shet el másláhátshilerin tartqan hám aldıńǵı xalıqaralıq tájiriybeni úyrengen halda reformalaw;

pochta baylanısı operatorlarınıń hám kurerleriniń tarmaǵın rawajlandırıw, shet elde xalıqaralıq pochta jóneltpeleriniń almasıw puntklerin shólkemlestiriw.

a) 2018-jıl 1-iyunnen:
isbilermenlik subektleri tovarlar, jumıslar (xızmetler) eksport etilgenligi ushın eksport shártnamasın dúzbey hám bank komissiyası óndirilmey, Internet tarmaǵındaǵı elektron sawda maydanshaları arqalı, Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti tárepinen belgilenetuǵın dizim boyınsha ayırım tovarlardan tısqarı, tovarlar, jumıslar (xızmetler) eksportın ámelge asırıw huqıqına iye ekeni;

isbilermenlik subektleri tárepinen elektron kommerciyadan paydalanıw arqalı satılatuǵın tovarlar aylanısı olardıń kólemine qaramastan, usaqlap satıw sawdası esaplanatuǵını;

b) málimleme texnologiyaları hám kommunikaciyaları tarawında xalıqaralıq konsalting kompaniyaların hám ekspertlerin tartıw, óziniń 85–infrastrukturasın rawajlandırıw hám materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlew, sonday-aq, ministrlik xızmetkerlerin materiallıq xoshametlew Málimleme-kommunikaciya texnologiyaların rawajlandırıw qorınıń qarjıları esabınan ámelge asırılatuǵını;

v) Málimleme-kommunikaciya texnologiyaların rawajlandırıw qorınıń qarjıları esabınan ministrlik xızmetkerleriniń miynetine haqı tólew shártleri Ministrlik kollegiyası tárepinen anıqlanatuǵını;

g) mámleketlik uyımlar hám basqa da byudjet shólkemleriniń zamanagóy málimleme texnologiyaların hám kommunikaciyaların engiziwge hám rawajlandırıwǵa juwapker bolǵan xızmetkerlerine beriletuǵın hár aydaǵı ústeme muǵdarı xızmetkerdiń lawazımlıq aylıǵınan 100 procentten az bolmaǵan muǵdarda belgilenetuǵını;

d) mámleketlik uyımlar hám basqa da byudjet shólkemleriniń málimleme texnologiyaların hám kommunikaciyaların rawajlandırıwǵa juwapker bolǵan bólimshe basshıları hár jıldıń juwmaqları boyınsha Ministrliktiń qararı tiykarında málimleme sistemaların, elektron mámleketlik xızmetlerdi hám málimlemelestiriwdi engiziw rejeleri menen baǵdarlamalarınıń óz waqtında, tolıq hám sapalı orınlanǵanı ushın, Málimleme-kommunikaciya texnologiyaların rawajlandırıw qorınıń qarjıları hám nızam hújjetleri menen qadaǵan etilmegen basqa da dáreklerdiń esabınan eń kem miynet haqınıń 100 esesine shekemgi muǵdarda sıylıqlanatuǵını belgilep qoyılsın.

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti 2018-jıl 1-avgustqa shekemgi múddette tómendegilerdi názerde tutatuǵın 2018-2020-jıllarǵa mólsherlengen aymaqlarda málimleme texnologiyaların hám kommunikaciyaların rawajlandırıw baǵdarlamaların hám áhmiyetli joybarlardıń mánzilli dizimin islep shıqsın hám tastıyıqlasın:
telekommunikaciya infrastrukturasın bunnan bılay da rawajlandırıw, xalıqtıń sapalı mobil baylanıs, Internet tarmaǵınan keń kólemde paydalanıwın támiyinlew;

densawlıqtı saqlaw, xalıqtı sociallıq qorǵaw, bilimlendiriw, kommunallıq xızmet kórsetiw, turizm tarawında zamanagóy málimleme sistemaların, baǵdarlamalıq ónimlerdi hám maǵlıwmatlar bazaların engiziw, sonday-aq, «aqıllı» hám «qáwipsiz» qalalar jáne aymaqlardı shólkemlestiriw;

mámleketlik-jeke menshik sheriklik tiykarında innovaciyalıq joybarlardı ámelge asırıw, sonday-aq, eksportqa qolaylı baǵdarlamalıq ónimler islep shıǵarıwdı qollap-quwatlaw;

orınlarda, ásirese, alıs jerlerde elektron mámleketlik xızmetlerdi usınıw sistemasın bunnan bılay da keńeytiw.

Baǵdarlamalardı hám joybarlardıń mánzilli dizimin qarjılandırıw Qordıń qarjıları esabınan, tiyisli aymaqlıq mobil baylanıs xızmetlerin kórsetetuǵın yuridikalıq shaxslar tárepinen tólenetuǵın abonent nomerlerinen paydalanǵanı ushın kelip túsetuǵın summanıń 5 procentine shekem bolǵan muǵdarında ámelge asırılatuǵını belgilensin.

Usı Pármannıń 8-bántinde názerde tutılǵan baǵdarlamalardıń ámelge asırılıwın sistemalı monitoring etiw hám vedomstvolararalıq muwapıqlastırıw ushın Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń baslıǵı, wálayatlar hám Tashkent qalası hákimleri basshılıǵında málimleme-kommunikaciya texnologiyaların rawajlandırıw boyınsha aymaqlıq keńesler shólkemlestirilsin.
Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń baslıǵı, wálayatlar hám Tashkent qalası hákimlikleri Ministrlik penen birgelikte bir ay múddette:

baǵdarlamalar qabıl etilgennen keyin aymaqlıq keńeslerdiń quramların tastıyıqlasın, sonday-aq, baǵdarlamalardıń orınlanıwı hár ayda kórip shıǵılıwın támiyinlesin;

«Kompyuterlestiriw orayı» MUK tı «Elektron hákimiyat» málimleme sistemasın jaratıw hám engiziwdi tiykarǵı wazıypa dep belgilegen halda «Málimleme-kommunikaciya texnologiyaların rawajlandırıw orayı» MUKqa aylandırıw boyınsha shólkemlestiriwshilik ilajların kórsin.

Ministrlik jáne Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrliginiń Muhammed al-Xorezmiy atındaǵı Tashkent málimleme texnologiyaları universitetinde, sonıń ishinde, onıń filialllarında 2018/2019 oqıw jılınan baslap málimleme texnologiyaları hám kommunikaciyaları tarawında kadrlar tayarlaw boyınsha oqıtıwdıń kredit sistemasın engiziw haqqındaǵı usınısı maqullansın.
Muhammed al-Xorezmiy atındaǵı Tashkent málimleme texnologiyaları universitetine:

Ózbekstan Respublikası Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrligi menen kelise otırıp, oqıw procesiniń málimleme-kommunikaciya texnologiyaların rawajlandırıw pátleri menen úzliksiz baylanısın támiyinlewdi esapqa alǵan halda erkin túrde oqıw rejeler hám baǵdarlamalar, pitkeriwshiler ushın mamanlıq talapların islep shıǵıw hám tastıyıqlaw;

professor-oqıtıwshılar quramınıń miynetin oqıtıwdıń kredit sisteması shártlerinen kelip shıǵıp tek ǵana bilimlendiriwge tiyisli ilajlar tiykarında jumıs waqtı esapqa alınıwına tiykarlanǵan halda erkin normalawdı ámelge asırıw, sonday-aq, pedagogikalıq xızmetkerler tárepinen ilimiy-metodikalıq, ilimiy-izertlew, shólkemlestiriw-metodikalıq, ruwxıy-aǵartıwshılıq hám tárbiyalıq jumıslardıń orınlanıwın xoshametlew huqıqı berilsin.

Ministrlik Ózbekstan Respublikası Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrligi menen birgelikte eki ay múddette kredit sisteması boyınsha oqıtıw tártibin belgileytuǵın Húkimetlik qarardıń joybarın Ministrler Kabinetine kirgizsin.

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti:
bir hápte múddette Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń Ministrlik hám Inspekciyanıń jumısın shólkemlestiriw haqqındaǵı qararlarınıń joybarların kirgizsin;

bir ay múddette Ministrlik hám Inspekciya haqqındaǵı jańalanǵan rejelerdi tastıyıqlasın.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2015-jıl 4-fevraldaǵı «Ózbekstan Respublikası málimleme texnologiyaların hám kommunikaciyaların rawajlandırıw ministrligin shólkemlestiriw haqqında»ǵı PP-4702-sanlı Pármanınıń 2-bánti óz kúshin joyıtqan dep esaplansın.
Ministrlik mápdar ministrlikler hám vedomstvolar menen birgelikte bir ay múddette nızam hújjetlerine usı Pármannan kelip shıǵatuǵın ózgerisler menen qosımshalar haqqındaǵı usınıslardı Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetine kirgizsin.
Usı Pármannıń orınlanıwın qadaǵalaw Ózbekstan Respublikasınıń Bas ministri A.N.Aripovqa, Ózbekstan Respublikası Prezidenti Mámleketlik keńesgóyiniń birinshi orınbasarı B.M.Mavlonovqa hám Ózbekstan Respublikasınıń Bas prokurorı O.B.Muradovqa júklensin.
Ózbekstan Respublikası

Prezidenti Sh.Mirziyoev

Tashkent qalası,

2018-jıl 19-fevral

*Ko'rip shi'g'i'ldi':*

Izlew

- ⌂
- 品
- ✉